

Mwen ap TIBEBE

Gade tèt mwen, mwen se yon nouvo ti kreyati! Mwen se yon tibebe ki gen 4 mwa depi m fèt.



Ou pral pase anpil tan ap ban m manje epi ap aprann konnen m.

- Konsole m, dezabiye m epi kenbe m sou w ou.
- Pou kòmanse, w ap bezwen soutni tèt mwen ak men w oswa bra w.

Mwen ka kòmanse:

- Leve tèt mwen pandan mwen kouche sou vant
- Sourì epi fikse w pandan m ap manje
- Gen bon kontwòl tèt mwen
- Dekouvri men mwen yo

Lè m grangou, mwen gen dwa:

- Vire tèt mwen nan direksyon tete w
- Souse men m, dwèt mwen oswa bouch mwen
- Fè bri pou montre m pa kontan

Sa mwen ka manje:

- Lèt tete sèlman
- Lèt bebe fòtifye ak fè si mwen pa jwenn lèt manman

Si ou obsève epi koute, m ap fè w konnen sa mwen vle anvan mwen kriye. Banm manje lè m mande, lè ou wè mwen grangou.

Lè vant mwen plen, mwen gen dwa:

- Pouse tete a soti
- Fèmen bouch mwen sere
- Vire tèt mwen lwen tete oswa bibwon an

- Ralanti oswa sispann tete
- Kòmanse gade lòt bagay nan chanm lan
- Dòmi

Mwen ta dwe ap manje konsa chak jou:

Si mwen peze	Si m ap pran tete sèlman, ban mwen toulede tete yo	Si se lèt nan bibwon sèlman, ban mwen
7-8 liv	omwen 8-12 fwa pa jou	2-4 ons chak 2-3 èdtan oswa 17-23 ons nan yon jounen
8-10 liv	omwen 8-12 fwa pa jou	3-5 ons chak 3-4 è oswa 21-26 ons nan yon jounen
10-12 liv	omwen 6-10 fwa pa jou	4-6 ons chak 3-4 èdtan oswa 24-28 ons nan yon jounen
12-16 liv	omwen 6-10 fwa pa jou	5-8 ons chak 3-4 èdtan oswa 29-39 ons nan yon jounen